

MANYÈL MANM OU AN CHANJE POU ENKLI PLIS SÈVIS

Sèvis Analiz Konpòtman Aplike (ABA)

Soti **1^{ye} Janvye 2023** MetroPlusHealth ap kouvri frè Terapi Analiz Konpòtman Aplike (Applied Behavior Analysis) (ABA):

- Analiz Konpòtmantal lisansye (LBA) a ba ou, oswa
- Asistan Analiz Konpòtmantal kalifye (CBAA) sou sipèvizyon yon LBA.

Ki moun ki ka resevwa ABA?

Timoun/Jèn ki gen pi piti laj pase 21 lane ki gen twoub otis spèktyoum (autism spectrum) ak/oswa Sendwom Rett. Si ou panse ou kalifye pou ou resevwa sèvis ABA yo, pale ak founisè w la konsènan sèvis sa a. MetroPlus Health pral travay avèk ou ansanm avèk founisè w pou asire ou resevwa sèvis ou bezwen an.

Sèvis ABA yo gen ladan:

- tretman ak evalyasyon yon doktè fè, analiz konpòtmantal lisansye, oswa asistan analiz konpòtmantal sètifye
- tretman endividyèl ou resevwa adomisil oubyen lòt anviwonman
- tretman konpòtman an gwoup ki adapte, ak
- fòmasyon e sipò pou fanmi ak moun k ap travay lakay la.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 1.800.303.9626 (TTY: 711).